



Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU PWOCHEN ETAP POU LWA SOU REZO SOSYAL NEW YORK LA K AP MENNEN NAN NASYON AN

"Lè m te siyen lwa k ap mennenn nan nasyon nou an pou konbat fliks rezo sosyal adiktif yo epi kenbe timoun yo an sekirite sou entènèt, mwen te fè li klè ke New York t ap aji rapidman pou bay jèn nou yo pwoteksyon solid. Pwosesis règleman pou Lwa SAFE Pou Timoun yo ak Lwa Pwoteksyon Done Timoun nan New York la kounye a sou direksyon Pwokirè Jeneral James, ki te yon patnè enkwayab depi premye jou a.

Efò nou yo nan New York ap akselere yon konvèsasyon nasyonal sou sante mantal jèn yo ak rezo sosyal yo. Jis yon mwa apre New York te vin premye eta ki te aji kont fliks adiktif, Sena a te adopte lwa federal pou pwoteje timoun yo nan tout peyi a.

Antanke premye manman Gouvènè nan New York, mwen p ap janm sispann goumen pou timoun nou yo. Mwen pa ka tann pou mwen wè lwa nou yo an aksyon epi mete presyon pou pwogrè kontinyèl nan nivo federal."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)